ku wax: subhaanal Laahi Alhasiimi wa bi hamdihi, ñu jëmbëtal ko ag garabu tàndarma ca àjjana

Jële nañu ci Jaabir -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yonente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: "ku wax: subhaanal Laahi Alhasiimi wa bi hamdihi, ñu jëmbëtal ko ag garabu tàndarma ca àjjana".

[Wér na] [At-tirmisiy soloo na ko]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xamle ne ku wax: (subhaanal laahi al hasiimu wa bi hamdihii) mu sellal Yàlla ci jëmmam ak i meloom ak i jëfam, dees na ko jëmbëtal ag garabu tàndarma ca suufu àjjana ci wépp yoon wu mu ko waxe.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/4201